



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU VITÈS LIMIT LA DIMINYE SOU PATI NAN OTOWOUT SCAJAQUADA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te voye lèt ki annaprè a bay Komisyonè Depatman Transpò Joan McDonald. Ou kapab gade l tou [la](#).

Joan McDonald, Komisyonè Depatman Transpò, NYS
Biwo Prensipal
50 Wolf Road
Albany, NY 12232

Chè Komisyonè McDonald:

Mwen atriste anpil pou m aprann aksidan machin trajik ki te pase nan Buffalo samdi a ki te koze lanmò yon jèn timoun ansanm avèk yon lòt ki gravman blese.

Pandan ke ajans lapolis yo toujou ap envestige sikonstans ki antoure aksidan terib sa, li evidan ke nou dwe pran aksyon imedyat pou amelyore sekirite otomobilis ansanm avèk pyeton yo sou pati nan otowout Scajaquada ki pase nan Delaware Park.

Pou rezon sa a, map mande w pou diminye vitès limit la imedyatman sou seksyon sa nan wout la a 30 kilomèt alè, enstale tablo mesaj vitès, epi konstwi gad park ray apwopriye pou pwoteje pyeton yo.

Aksyon sa yo dwe pran pandan ke Depatman Transpò ap kontinye envestige solisyon alontèm pou anpeche plis trajedi nan pati sa sou otowout la.

Administrasyon mwen an pral kontinye pran tout mezi posib ki genyen atravè konstriksyon, edikasyon ak aplikasyon lalwa pou evite jan aksidan trajik sa yo pi devan.

Nou salye w,

Andrew M. Cuomo

Haitian Creole

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418